

NAMA: \_\_\_\_\_

KELAS \_\_\_\_\_

# Basa Jawa : Legendha

## “MULA BUKANE DESA LAMUK”

Kacarita ana desa kang kabeh wargane ora nduweni banyu kanggo nyukupi kebutuhan urip, sawah-sawah padha garing, sumber-sumber banyu ugi padha garing. Akeh wit-witan gedhe uga tandurane warga mati garing, kahanan iki ndadekake paceklik dawa lan warga kentekan bahan pangan. Akeh warga padha ninggal karena kaliren uga karena nandhang memala gatel sebab ora bisa resesik awak.

Sawijining wektu ana warga kang nduweni niat apik, mikir kepiye carane kanggo ngrampung pageblug uga paceklik kang lagi disandhang dening kabeh warga. Warga kang duweni pangangkah ngentasake panandhang iku Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana sajakke nduweni ngelmu kang ora sepelean. Piyayi kuwi salah sijine kalebu prajurit saka Kraton Majapahit kang nalika dumadi perang mlayu banjur mapan ing kono, dene sijine kalebu isih tran turunane saka Kraton Mataram. Kekarone padha rembugan kepiye dalane kanggo ngilekake banyu saka sumber kang adoh saka desa kono kanggo nyukupi kabutuhaning warga kang lagi nandhang paceklik. Supayane warga bisa nandhur pari lan liya-liyane, piyayi loro mau nyetitekake sumbering banyu kuwi bisa tekan desa apa ora lan ubarampe apa bae kang kudu diadijake kahanan papane adoh banget saka desa. Nalika mlaku adoh banget kekarone ngrasakake kesel, banjur padha ngiyup ana sangisor wit gedhe pinggir dalan kanggo leren. Lagi enak sendhen ana wit gedhe dumadakan diparani wong 4 kang dedeg piadege gedhe dhuwur, wong-wong kuwi niat arep ngrampok gawane Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana.

Kyai Gawe kandha marang Kyai Angga menawa wong-wong kuwi nduweni niat ala, sebab nitik saka salah bawa lan tembung-tembunge ora kepenak dirungokake.

“Sajakke iki wong ora bener, iki wong-wong arep padha ngruda peksa ngrayah gawane awakke dhewe kyai.” Ngono Kyai Angga rasanan.

“Awakke dhewe kudu bisa nyegah niat alane wong-wong kuwi.”

“Nanging kepiye carane?”

“Apusana wae menawa ngisor kana dudu desa nanging jurang kang jero lan peteng.”

Kekarone gage-gage menat banjur marani wong papat kuwi, sajakke saka praupane keton ora seneng karo tekane Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana kuwi. Polatane kecut kan awakke wis tata-tata siyaga mbok menawa Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana bakal tumindak kang ora bener.

“Sapa kowe ki sanak? Lan ana prelu apa sira kabeh ana ing papan kene?”

“Oh iya aku sakanca iki grombolane prampok, nduwe karep arep ngrampok ana ing desa ngisor kana kuwi!” pimpinan prampok karo acung-acung desa ngisore papan kono. Pancen wektu kuwi ana ing sandhuwure gumuk dadi keton saka dhuwur menawa ngisor kana ana desa. Ya desa papan manggone Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana kang lagi nandhang pageblug lan paceklik.

“Ora usah sira kabeh mudhun ana desa kana, sebab kana kae among jurang jero lan peteng.” ngono ngendikane Kyai Gawe.

“Iya kana kae among lamuk kang peteng kae nutup jurang. Mula aja mrana mbebayani kanggo sira kabeh ki sanak.” Kyai Angga Wecana nambah pangandikane Kyai Gawe supayane padha percaya.

Nanging wong papat kuwi mau sajak ora percaya, dheweke puguh bakal mudhun ana desa. Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana amung mendel karo nuduhake kasektene, ora gantalan suwe ngisore papan kono katon lamuk ireng memlak nutupi desa. Desa ngisor ora katon maneh maneh katon lamuk ireng amba banget, sakala prampok mau padha kaget nanging kahanan kuwi ora nyuda kekaropane. Prampok puguh arep mudhun ana desa sing mau katon saka kono. Kyai loro mau saya bingung kepiye carane ngendheg prampok-prampok iki. Banjur kandha menawa prampok iki bisa ngalahake Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana bakale manut karo karepe prampok. Wong-wong kuwi sarujuk adu kasekten karo Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana, sapa sing kasoran kudu manut karo sing unggul.

“Sing sapa bisa ngasorake lawane, sing unggul nduweni karep kudu dilakoni dening sing kasoran. Sing sapa asor kudu gelem lila ninggalake papan kono, lan kudu manut karo printahe pihak kang unggul.” Ngono sumbare pimpinan prampok karo ndhadha menawa bakale para prampok iki unggul ing prang tanding. Kyai Gawe lan Kyai Angga Wecana amung manthuk-manthuk tandha sarujuk karo apa kang dadi kekaropane para prampok. Kyai Gawe maju miwiti prang tandhing nglawan prampok papat kuwi. Ora suwe anggone Kyai Gawe ngalahake prampok kuwi, wong papat kuwi kecekel sikile bebarengan. Banjur dipapanake ana sandhuwure wit gedhe, sikile dipapanake ndhuwur siraha ana ngisor, gampang banget anggone Kyai Gawe nyengkiwing wong papat mau. Anggone munggah wit mau Kyai Gawe ora kaya wong-wong menek wit sikile kang dienggo menek, ning Kyai Gawe kaya tindak ana papan kang rata. Ngerti-ngerti wis ana ing dhuwur wit gedhe nggawa prampok papat kuwi, Kyai Gawe karo nuduhake menawa ana ngisor kana ora ana desa. Sing katon mung lamuk amba ireng memlak kang katon medeni kanggone para prampok kuwi.

Kahanan wis kasoran karo kasektene Kyai Gawe, para prampok ngarih-araih kawelasan lan njaluk ngapura. Para prampok ora bakal ngrampok ana desa ngisor kana sebab ora ana desa, sing katon mung lamuk ireng memlak. Prampok njaluk kawelasan Kyai Gawe diculake lan nerusake laku mbalik ora sida mudhun desa kanggo ngrampok. Kyai Gawe banjur ngabulake panjalukane prampok, sida didhunake saka sandhuwure wit kuwi. Prampok padha mbalik lunga saka papan kono, lan asung kaluputan marang Kyai sakloron. Iba bungahing penggalih Kyai Gawe uga Kyai Angga Wecana bisa ngasorake prampok lan nylametake warga desa. Pra Kyai mau ora lali mbacutake impen bakal ngilekake banyu saka sumber kanggo nulung warga desa, or alali uga paring tetenger desa mau kanti sebutan Desa Lamuk sebab saka kadohan katon katutup Lamuk ireng memlak. Nganti seprene papan iki kawentar kanthi sebutan Desa Lamuk, kalebu ing tlatah Kecamatan Kaliwiro.

Kapetik lan kabesut sawetawis saka buku *Singgasana Di Atas Langit kaca 105-108*

## **Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

Sapa prajurit saka Majapahit?

Kenang ngapa prajurit mau bisa mapan ana kono?

Warga desa lagi nemahi kacilakan apa?

Kepriye pangangkah kanggo ngrampungni pageblug ana desa?

Sapa kang duweni karep kanggo ngilekake banyu?

Saka ngendi banyu bakal diilekake?

Apa janjine para prampok?

Apa sing katon saka kadohan?

Kenang ngapa para prampok katon mung lamuk ana desa kana?

Ana ing tlatah ngendi desa lamuk iku?

## Negesi tembung angel

Paceklik

Pageblug

Pangangkah

Panandhang

Trah

Nyetitekake

Ubarampe

Sendhen

dedeg piadeg

ngruda peksa

panyuwun, panjaluk

Niteni

Piranti

nyelehke awak ing papan

njaluk kanthi peksa

gedhe dhuwure

Akeh lelara

keturunan

larang pangan

ngalami